

PAROISSE MUZINDA

DIOCESE BUBANZA

IJAMBO RISHIKIRIJE MU MISA Y'UMUKWANGURO 8/8/2020

“Mutima w’Umukama Imana ari kuri jewe, kuko Umukama yansize amavuta kugira ngo menyeshe inkuru nziza aboro” (Izaya 61, 1).

Nyakwubahwa.....! Banyakwubahwa mwese muvuyagiye ngaha umwe umwe mu cubahiro ciwe, tugire Kristu!Naganze! Naganze Kristu mu mitima yacu, Imana nayo yame ininahazwa ubu no mummyaka yose yo itanga idatora uwo itera iteka, nanje nkaba ndi mukanyamuneza kenshi k’aho iyo Mana yansangije ubusaserdoti-busuku bw’Umwana wayo Yezu Kristu.

Nkundira ako kanyamuneza ndakagaragaze mu majambo abiri gusa: ugushima n’ugusaba.

1. GUSHIMA

- ❖ Ndashimira Imana n’umutima wanjye wose yo ubwa mbere yandemye ikangira umuntu, ikambungabunga, ikangira umukristu none, ubu naho ikaba iheruka kungira umusaserdoti-musuku kumwe n’Umwana wayo Yezu Kristu. Iyo Mana nishemezwe na bose.
- ❖ Ndashimira kandi abavyeyi banje bo bemeye iyo Mana ikabacako kugira ngo mbeho bakambungabunga muri vyose, bakandera runtu na rukristu, bakitanga uko bashoboye kugira ngo nige neza amashure atandukanye, mbere bakananyigisha gukunda umuvyeyi w’Imana n’abantu Bikira Mariya. Nabo nibakengurukirwe!
- ❖ Ndashimira cane n’Umwungere wa Diyoseze yacu naho atari ngaha, kuko igihe numva muri jewe ijwi rinyakura, ngo nje kwihebera Imana, naramutuye icipfuzo canje nawe aracakira neza aranamperekeza muri urwo rugendo abicishije kubamwunganira mu butumwa bari mu mice itandukanye. Nawe nyene nashimirwe!
- ❖ Ndashimira abasaserdoti twabanye mu ma Paruwasi atandukanye, nabo baramfashije, nabigiyeko vyinshi kandi n’impanuro bampaye zaramfashije gutera imbere muntambwe

zitandukanye nagiyeye ndacako gushika nshikire iri banga rihambaye kandi rihimbaye ry'ubusaserdoti–busuku. Nibashimirwe!

- ❖ Ndashimiye abanyigishije mu mashure atandukanye nagiyeye ndacamwo. Abo ni benshi sinobadondagura ngo ndabashobore muri kano kanya. Ariko ku buryo bw'umwihariko reka mvuge umwe gusa, uwo nawe ni umumenyeshamana NSABIMANA Alexis kandi ari ngaha, nahaguruke abaramutse. Uwo rero yambaye hafi kuva nkitangura amashure yintangura, gushika ndangize imyaka 21 yari iheze ndiko nitegurira iri banga ry'ubusaserdoti. Nashimirwe. Eka n'abandi bandeze nibashimirwe cane!
- ❖ Abandi nshimira ni mwebwe mwese abakristu mwansabiye ku Mana none ikaba yarumvise igisabisho canyu mwese. Mwaranyeretse umutima w'urukundo. Nakare abarundi bagira bati : **“I Bukama uhakandirwa n’uwawe”**. Nimushimirwe!
- ❖ Ndashimira kandi mwebwe mwese mwashize inguvu hamwe kugira ngo uyu musi amasabo n'amasaka bize kugenda neza. Nakare abarundi bagira bati: **“Abashize hamwe bangana n’ingungu zihwaniye ku giti”**, kandi ngo: **“Babiri ntibicwa n’inzara, bicwa n’inzigo”**. None rero ni mushimirwe ku mutima wo kwitanga mwerekanye.

Ivyo noshima ni vyinshi, reka nsimbize nje kwijambo rya kabiri ryo gusaba

2. GUSABA

- Bavukanyi mwese, mwarambaye hafi muri vyinshi, kandi mwaransabiye ndashikira ibanga, murabandanya rero kunsabira kugira ngo iri banga nahawe ndaribangire ingata, nzopfe nkirirangura neza.
- Igihe twatirwa i Musigati, abashoboye kuhashika mwarumvise ivyiza vyinshi twashikirijwe kugira ngo tubibashikirize namwe. Ivyo navyo ni ibijanye n'amasakaramentu muraza kuyansaba, amasaka nayo nzoyasaba iwanyu.
- Sinorangiza ntatekereye akajambo urwaruka rwose ruri ngaha : rwaruka, ni mukunde kwiga, kandi mwigwe amashure maremare, bizobafasha kubaho neza muvy'umutima n'umubiri. Nimukunde kandi gusenga, musabe Imana muri vyose ntaco muzobura. Nakare abarundi bagira bati : **“Imana iguha igukura ku gashishi ikagushira ku gahundo”**.

- Ego niko, turatewe iteka muri Paruwasi yacu, umusaserdoti arabonetse, ariko rwaruka, jewe sinipfuzza kuba ikinege muri Paruwasi. Namwe, biciye mu gisabisho, muraza murumviriza ic’Umukama abongorera mu mitima yanyu. Ntimugire nka babandi ngo : *“Agashurwe kama vyinshi gashikana kamwe”*.

Ihibambawe ntibikabe gutyo. Kira noneho, murakomeza igisabisho mwisabira kandi mwongera musabira n’abandi kugira ngo Imana ibandanye ibaja imbere.

- Aha rero kuri iri shure ryacu, ni vyagenda neza turizigiye ko mu mwaka uza hazoba habonetse uwundi musaserdoti avuka kuri uwu mutumba nyene ishure ryubatsweko. Uwo nawe akaba yitwa Japhet SIMBIZI, ubu ari mu gihugu ca Nigéria kwitegurirayo iryo banga, ari m’umuryango w’aba Schoenstatt. Si uwo gusa, hari n’uwundi avuka aha muri iyi Paruwasi ya Muzinda, kw’ishure rya MUZINDA akaba akukira abasaserdoti ba Diyoseze ya BUBANZA. Nawe si uwundi ni Diaconi Jérémie BIGIRIMANA.
- Ku vyerekeye ubutumwa bw’abasaserdoti, jewe igihe Umwungere yanyatira yaciye andonsa ikete rivugako nzorangurira ubutumwa muri Paruwasi ya MASANGO. Aha rero inyuma y’izi manza nzoca ngenda iyo bankoye. Uwukeneye kundamutsa Ni iyo azonsanga. Nibitahinduka ntegekanya kujayo kuwa kane wiyo ndwi buca dutangura igenekezerezo rya 13/8/2020.

Ndangije rero nongera kubakengurukira mwese, umw’umwe mu cubahiro ciwe, ukugene mwaje kudushigikira muri uru rubanza. Muze kuroranirwa muri vyose na hose. Ariko kubera ko umwanya utujanye, reka ndangize ndabereka abashitsi bakeya mw’aba baje kudushigikira kugira ngo mu bubangutsi bwabo bace babaramutsa.

Abasaserdoti, Abadiyakoni, Abihebey’Imana, Abafaratiri.

Patiri Musa SABUSHIMIKE